

# Vantilasyon Salon Maniki

## Konsèy ak Enfòmasyon Enpòtan Apre yon Enspeksyon



Department of State  
Licensing Services

Depatman an rekonèt li ka pran plizyè mwa pou w mete salon maniki ou an konfòmite ak nouvo règ yo, epi Depatman an ka travay avèk ou pou evite yon odyans.

### KONTAKTE DEPATMAN DETA

Si w gen nenpòt kesyon sou nouvo egzijans vantilasyon yo oswa sou fason pou w mete biznis ou an konfòmite, tanpri kontakte Depatman Deta a nan 518-474-4429. Ou ka jwenn plis enfòmasyon ak resous sou sitwèb nou an ([www.dos.ny.gov](http://www.dos.ny.gov)).

Dokiman sa a pral ede pwopriyetè salon yo konprann nouvo egzijans vantilasyon ak sa pou ou fè si yon envestigatè Depatman Deta (“DOS”) enspekte w. DOS pran angajman pou l travay ak biznis e li disponib pou reponn kesyon ou yo.

### KILÈ MWEN AP BEZWEN KONFÒME MWEN AK NOUVO EGZIJANS YO?

Si biznis ou te gen **lisans anvan 3 oktòb 2016**, ou p ap bezwen konfòme ak nouvo egzijans vantilasyon yo jiska **3 oktòb 2021**. Si biznis ou te gen lisans nan dat **apre 3 oktòb 2016** oswa apre, w ap bezwen enstale yon sistèm vantilasyon ki konfòm ak nouvo egzijans yo lè ou louvri biznis ou a.

### ENSPKSYON AN

DOS regilyèman enspekte biznis yo. Si yon envestigatè DOS enspekte w, epi biznis ou te gen lisans **apre 3 oktòb 2016**, y ap mande w pou pwodui:

- Yon **sètifika** yon pwofesyonèl vantilasyon **siyen** yon pwofesyonèl vantilasyon ki montre biznis ou satisfè nouvo kondisyon vantilasyon yo.

Sètifikasyon an disponib sou sitwèb DOS la nan: <https://dos.ny.gov/additional-information-nail-salons> Gen plis enfòmasyon sou nouvo egzijans vantilasyon yo disponib tou nan “Gid Pratik Vantilasyon pou Pwopriyetè Biznis yo” ki disponib sou sitwèb nou an nan: <https://dos.ny.gov/additional-information-nail-salons>

Si yo enspekte biznis ou epi gen vyolasyon, w ap resevwa nòt alekri ki eksplike vyolasyon yo epi ba w yon dat pou yon odyans. Si vyolasyon an gen rapò ak nouvo règleman vantilasyon yo, w ap resevwa enfòmasyon tou sou sa règleman yo mande, ak fason pou konfòme avèk yo. Nan majorite ka yo, menm si yon biznis resevwa yon avi sou vyolasyon, pwoblèm yo ka rezoud san yon odyans lè vyolasyon yo korije.

### KISA MWEN KA FÈ ANVAN ODYANS LAN?

Li enpòtan pou sonje pifò **vyolasyon yo rezoud san** odyans lè w korije vyolasyon yo te dekouvri pandan enspeksyon an epi jwenn yon antant ak DOS. Si biznis ou te resevwa kontravansyon ak yon vyolasyon vantilasyon ou ta dwe:

- Revize “Gid Pratik Vantilasyon pou Pwopriyetè Biznis yo” DOS la ki disponib sou sitwèb nou an;
- Revize kontra lwaye w la epi diskite sou egzijans vantilasyon ak pwopriyetè w la;
- Entèvyouve ak jwenn estimasyon nan men diferan pwofesyonèl sou jan pou mete an konfòmite;
- Chwazi yon pwofesyonèl ki pral enstale yon sistèm ki satisfè bezwen biznis ou;
- Enstale yon sistèm vantilasyon ki konfòm ak egzijans vantilasyon yo.

## KISA MWEN KA FÈ APRE MWEN FIN METE M KONFÒM?

Si, apre enspeksyon DOS la, ou enstale yon sistèm vantilasyon ki konfòm ak egzijans vantilasyon yo, ou ta dwe kontakte DOS nan (518) 473-2728. Mansyone ou te resevwa yon kontravansyon men kounye a ou enstale yon sistèm vantilasyon epi ou ta renmen jwenn yon aranjman ak DOS. Si w te anboche yon moun epi w ap fè efò pou w vin an konfòmite, DOS ka travay avèk biznis ou a pou evite yon odyans.

## E SI MWEN PA KA ANTRE NAN KONFÒMITE ANVAN ODYASNS LAN?

Aprè yon enspeksyon, men anvan odyans lan, DOS pral gade pou wè si w ap eseye konfòme w ak nouvo règ yo. Sa ki pral montre DOS ou ap eseye konfòme w yo ta ka, men yo pa limite ak:

- Yon kontra ak yon pwofesyonèl;
- Diferan estimasyon ekri nan men pwofesyonèl, si ou poko anboche yon moun;
- Resi pou materyèl konstriksyon;
- Aplikasyon pou pèmi konstriksyon, si otorite lokal ou a egzije sa;
- Pwojè plan nan men yon pwofesyonèl konsepsyon.

***Si ou genyen kalite dokiman sa yo, ou ta dwe kontakte DOS nan (518) 473-2728 epi DOS ka travay avèk ou pou evite yon odyans.***

## KONSÈY ENPÒTAN POU SONJE

- DOS la pou reponn kesyon ou yo. Si w bezwen plis enfòmasyon sou kondisyon vantilasyon yo kontakte liy asistans nou an nan (518) 474-4429.
- Anboche bon pwofesyonèl la pou ede w trè enpòtan. Asire w anboche yon pwofesyonèl ki konprann sa ki nesèsè epi ki ka ba w sèvis ou bezwen yo. Pwofesyonèl la pa ta dwe konseye w achte vantilatè ak prifikatè lè paske sa yo pa konfòm ak règleman an.
- Sistèm vantilasyon yo varye selon konsepsyon ak pri. Ou ta dwe achte yon sistèm ki nan bidjè ou ak travay pi byen pou biznis ou. Se pa tout salon ki bezwen achte menm sistèm yo epi se pa tout salon ki pral sanble apre travay la fini.
- Li enpòtan pou w sonje, selon sistèm vantilasyon ou gen kounye a, sa ka pran plizyè mwa pou w vin an konfòmite, kidonk ou ta dwe swiv konsèy ki nan dokiman sa a pi vit posib.